

# Kontwole Sipò Timoun Ou

Si ou se yon paran ki p ap viv avèk pitit ou, si ou gen yon lòd sipò timoun pou peye oswa si ou gen yon dèt sipò timoun nan moman an epi si ou pa ten mwayen pou peye, Biwo Egzekisyon Sipò Timoun [Office of Child Support Enforcement (OCSE)] Vil New York kapab ede ou.

Nou konnen pou anpil rezon ou ka gen dèt sipò timoun oswa yon lòd sipò timoun ki depase revni ou. Men tou nou konnen pifò papa vle peye sipò timoun yo epitou nouvo ede ou fè sa. Timoun ki resevwa revni nan men toulède paran yo travay pi byen nan lekòl epi yo gen mwens chans pou grandi nan povrete. Paran ki peye sipò timoun yo gen plis chans pou patisipe san pran souf nan lavi pitit yo.

Fanmi k ap resevwa èd lajan kach ap kenbe premye \$100 dola a (\$200 dola pou 2 timoun oswa plis) nan sipò timoun yo touche chak mwa. Sa a se yon diplis nan avantaj èd lajan kach yo. Lè dosye èd lajan kach la fèmen, tout lajan nou voye tout lajan nou touche pou sipò ba paran k ap viv avèk timoun nan (paran k ap viv avèk timoun nan epi k ap pran swen timoun nan). Plis pase 90% peman sipò timoun OCSE touche ale lakay paran k ap viv avèk timoun yo pou satisfè bezwen pitit yo.

Nan yon efò pou ede ou, Sipò Timoun mete twa (3) pwogram anplas k ap travay avèk paran ki p ap viv avèk timoun yo (NCP) epi ki pa touche ase revni pou redui lòd sipò yo ak aryere yo (dèt sipò timoun) yo dwe Depatman Sèvis Sosyal [Department of Social Services (DSS)].

## **Modifye Lòd DSS (MDO)**

**MDO** kapab ede NCP ki pa gen ase revni epi ki gen lòd sipò timoun ki pa baze sou revni y ap touche nan moman an. Si sitiasyon finansye ou chanje depi lè yo te detèmine lòd sipò a, oswa si ou pa t bay enfòmasyon finansye ou nan tribinal la, MDO kapab ede ou.

### **Pou Kalifye:**

- Lòd sipò timoun w ap peye nan moman an ki gen omwen yon timoun k ap resevwa èd lajan kach
- Revni anba Rezèv Sipò Endepandan Eta New York (\$15,755 pou ane 2014)
- W ap Resevwa èd lajan kach, SSI, oswa Medicaid

### **Avantaj pou Ou:**

Nou ka bese lòd sipò timoun ou pou fè li annamoni avèk gid Eta New York; ou kapab siyen yon akò k ap redui kantite lajan obligasyon sipò timoun ou san ou pa ale nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi.

## **Pwogram konsènan Limit Aryere**

Limit Aryere kapab mete yon limit sou dèt sipò timoun anpile ou dwe gouvènman an (DSS).

### **Pou Kalifye:**

- Ou fèt pou dwe gouvènman an (DSS) aryere; ou pa gen obligasyon pou gen lòd sipò timoun nan moman an oswa ki aktif
- Aryere ou dwe yo dwe t ap anpile pandan revni NCP a te anba Nivo Povrete Federal (\$11,670 dola pou ane 2014)

### **Avantaj pou Ou:**

Aryere ou dwe DSS la ka redui pou rive a \$500 dola; ou pa gen pou retounen nan tribinal pou sa.

## **Pwogram Kredi pou Aryere [Arrears Credit Program (ACP)]**

ACP kapab ede ou redui kantite lajan aryere ou dwe gouvènman an.

### **Pou Kalifye:**

- Dwe DSS aryere
- Pa gen limit dapre revni; ou pa gen obligasyon pou viv nan oswa anba nivo povrete
- Fè tout peman yo sou sipò timoun w ap peye a (yo) nan moman pou tout yon ane. Si ou pa gen yon lòd sipò timoun nan moman an, ou dwe fè tout peman yo pou tout yon ane sou kantite lajan obligasyon an ki endike nan dènye lòd tribinal ou
- Gen yon lòd sipò timoun nan moman an oswa anvan ki depase oswa ki te depase yon lòd sipò \$25 dola pa mwa akòz povrete
- Pa gen plis pase \$3,000 dola nan kont labank ou oswa plis pase \$5,000 dola nan pwopriyete ou, tankou vwati, bijou, oswa byen imobilye
- Pa gen dosye vyolans nan kay oswa dosye kriminèl pou krim kont timoun

### **Avantaj pou Ou:**

Ou ka resevwa yon kredi chak ane jiska \$5,000 dola nan dèt sipò timoun ou gen pou DSS. Ou kapab pran avantaj ACP pou twazan epitou ou kapab resevwa yon kredi total \$15,000 dola pou chak ka ki kalifye. Ou pa gen pou ale nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi pou aplike pou pwogram sa a.

## **Aplike pou MDO, Limit sou Aryere, oswa Pwogram Kredi Aryere depi ou Ale nan: OCSE Customer Service Walk-In Center**

151 West Broadway, 4th floor  
New York, NY 10013

Orè Fonksyònman:\* Lendi–vandredi, ant 8:00 a.m. ak 7 p.m.

Ou dwe gen yon ID ki gen foto

\*Tanpri rive anvan 5:00 pm pou pèmèt gen ase tan pou fè pwosesis aplikasyon an.

### **Dokiman pou Pote nan Sant Sèvis Kliyantèl la (Customer Service Center):**

- Pyès Idantite ki gen Foto
- Prèv ki montre w ap resevwa èd lajan kach, SSI, oswa Medicaid, si ou genyen yo
- Twa (3) dènye souch chèk peman
- Dènye deklarasyon taks federal ak taks leta sou revni
- Fòm Deklarasyon sou Sèman pou Revni Nè, ki ranpli, siyen ak notarye (li disponib sou entènèt sou sitwèb <http://on.nyc.gov/1FI1mBs>)
- Prèv revni ou te konnen touche ki te anba Nivo Povrete Federal si w ap aplike pou Limit Aryere
- Prèv dat ou te nan prizon, tankou yon lèt prizon an oswa Depatman Koreksyon bay

### **Ou Kapab Aplike Tou pou Limit Aryere ak Pwogram Kredi nan Aryere pa Lapòs**

- Senpleman voye kopi dokiman ki endike anwo a nan adrès: OCSE, PO Box 830, Canal Street Station, New York, NY 10013

## **Kontakte Sipò Timoun pou Jwenn Plis Enfòmasyon**

### **Liy Dirèk Kliyan Sipò Timoun Eta New York**

Rele Sant lan: Lendi–vandredi, 8 a.m.– 7 p.m.

Enfòmasyon Otomatize 24 sou 24/7 jou sou 7

888-208-4485 | 866-875-9975 (TTY)

### **Biwo Egzekisyon Sipò Timoun Vil New York [Office of Child Support Enforcement (OCSE)]**

[nyc.gov/hra/ocse](http://nyc.gov/hra/ocse)

### **Enfòmasyon sou Patènite**

[nyc.gov/NYCDADS](http://nyc.gov/NYCDADS)

### **Enfòmasyon sou Sipò Timoun Eta New York**

[www.childsupport.ny.gov](http://www.childsupport.ny.gov)

### **OCSE Customer Service Walk-In Center**

151 West Broadway, 4<sup>th</sup> floor

New York, NY 10013

Lendi–vandredi 8 a.m. – 7 p.m.

Pote yon ID ki gen foto ou

**Bill de Blasio**

Majistra

**Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration)**

Depatman Sèvis Sosyal (Department of Social Services)

**Steven Banks**

Manm Komisyon

BRC-939-D (Revised November 2014)

© Dwadotè 2015. Minisipalite Vil New York

Administrasyon Resous Imèn/Depatman Sèvis Sosyal.

Pou jwenn pèmasyon pou repwodui tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte Administrasyon Resous Imèn Vil New York.